



Pou Piblikasyon Imedya: 23/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AK DEFANSÈ YO SELEBRE AKÒ ISTORIK POU ADRESE KRIZ LOJMAN NEW YORK LA NAN KAD BIJGÈ ANE FISKAL 2025 KE YO TE ADOPTE A

Etabli yon gwo plan pou ogmante rezèv lojman New York la – sa enkli ankourajman ki kreye lojman abòdab nan tout Eta a, zouti pou Vil New York jenere plis Lojman, 500 milyon dola pou konstwi jiska 15,000 nouvo kay sou tè eta a ak otorite pou ranfòse Pwogram Kominote an Favè Lojman New York la

Gen ladan pwoteksyon istorik pou lokatè ak pwopriyetè kay, mezi kont ogmantasyon pri pou lokatè yo, pwoteksyon ki pi solid kont degèpisman, ak nouvo mezi aplikasyon lwa ak mezi prevantif pou pwoteje pwopriyetè kay yo kont vòl tit pwopriyete, ak ranfòse lwa ki fè konnen rezidan ki okipe kay yon fason ilegal yo pa lokatè

Ajoute plis pase 600 milyon dola nan finansman kapital pou sipòte lojman nan tout eta a

Konbat diskriminasyon lojman kont benefisyè bon Seksyon 8 ak founisè lojman abòdab yo

Baze sou angajman Gouvènè Hochul pou redui pri lojman pou Nouyòkè yo nan ogmante apwovizyonman lojman an, ankouraje abòdabilite, ak sipòte lokatè ak pwopriyetè kay yo

Gouvènè Kathy Hochul te rasanble jodi a Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins, Majistra Vil New York la, Eric Adams, ansanm ak defansè travay, lojman, ak lokatè, pou selebre yon akò istorik nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 ke yo Adopte a pou adrese kriz lojman New York la. Akò a fè avanse politik pou ogmante rezèv lojman, ankouraje abòdabilite, ranfòse pwoteksyon pou lokatè ak pwopriyetè kay New York yo, epi konbat preje ak diskriminasyon nan lojman. Aksyon yo baze sou angajman Gouvènè Hochul pran pou l abòde kriz lojman an epi redwi depans lojman pou tout Nouyòkè yo.

"Depi lè mwen te vin Gouvènè, mwen te gen vizyon pou konstwi lojman ke Nouyòkè yo bezwen dezespereman, epi n ap selebre akò istorik sa a ki pral transfòme lavi epi mete

fanmi k ap travay yo an premye", **Gouvènè Hochul te deklare.** "kò lojman sa a adopte yon plan sendika yo ak yon kowalisyon Nouyòkè divèsifye ak vibran yo andose pou revolisyone peyizaj lojman an epi kreye pi gwo ekspansyon dwa lokatè nan New York nan anpil jenerasyon."

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Majorite Demokratik Sena a ak kòlèg nou yo nan Gouvènman Eta a te prezante bidjè sa a paske yo te konnen li te depase lè pou jwenn yon akò lojman ki adrese dirèkteman defi fanmi yo rankontre yo. Nou te konprann ke sa a pa t ap yon travay fasil; sepandan, pakè istorik sa a satisfè bezwen pou devlope nouvo lojman abòdab, ede pwoteje pwopriyetè kay yo kont sezi ak sitistasyon okipasyon ilegal, epi bay lokatè yo pouvwa ak pwoteksyon solid tankou sa ki dekri nan prensip Good Cause (Bon Koz) la. Li enteresan pou m patisipe ansanm ak fonksyonè piblik, defansè yo ak travayè yo nan selebre etap enpòtan sa a, men nou konnen gen travay enpòtan ki rete. Mwen remèsye patnè mwen yo nan gouvènman eta a—Gouvènè Hochul, Prezidan Heastie, ak Senatè Eta enkwayab nou yo nan Majorite a—pou kolaborasyon yo epi mwen espere reyalize plis ansanm."

Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare, "Majorite Asanble a gen yon long istwa batay pou rann lojman ki an sekirite ak abòdab aksesib pou Nouyòkè yo. Dispozisyon nou adopte nan bidjè sa a pral bay pwoteksyon enpòtan pou lokatè ak pwopriyetè kay yo, kreye nouvo lojman ak investisman nan lojman abòdab atravè eta a ak pwogram tankou Lojman New York pou Lavni (New York Housing for the Future). Nouvo pwogram sa a pral kreye lojman abòdab pou moun k ap chèche lwe ak vin pwopriyetè kay, epi ansanm ak investisman ki fèt nan pwogram tankou NYCHA ak Mitchell Lama pral ede plis fanmi jwenn lojman ki an sekirite ak abòdab."

Ogmante rezèv lojman New York

Kòm yon pati nan Bidjè Ane Fiskal 2025 ke yo Adopte a, Gouvènè Hochul te sekirize yon pake pwogram ak inisyativ pou kreye nouvo lojman, ki gen ladan lojman abòdab, nan Vil New York. Bidjè a gen ladan nouvo ankourajman taks 485-x, yon pwogram dis ane ki chita sou pwogram ankourajman 421-a ki ekspire kounye a, ki bay avantaj pou konstriksyon lojman pandan y ap ankouraje abòdabilite ak bay estanda salè ranfòse pou travayè sèvis bilding ak travayè konstriksyon, kote ki aplikab. Dapre estimasyon, pwogram 421-a te pwodui plis pase de tyè nan tout nouvo lojman ki fèk konstwi pou plizyè fanmi nan Vil la nan dènye deseni an.

Bidjè a pwolonje tou dat limit konstriksyon pou pwojè ki genyen kounye a nan pwogram 421-a ki ekspire a jiska 2031, pou asire plizyè milye inite lokasyon ki te gen risk, ki gen ladan lojman abòdab, kapab konstwi. Anplis de sa, Bidjè a etabli yon nouvo ankourajman taks pou pwojè konvèsyon komèsyal ki gen ladan lojman abòdab, li bay otorite pou leve restriksyon eta a sou dansite rezidansyèl yo nan Vil New York pou premye fwa depi ane 1960 yo pandan y ap mande yon pri abòdab, epi li otorize vil la pou kreye yon pwogram pilòt pou bay amnisti nan sousòl ak kav apatman ki egziste deja ki satisfè nòm sante ak sekirite ki pral etabli pa Vil la nan sèten katye Vil New York.

Pou lokalite ki andeyò Vil New York, Bidjè a gen ladan yon pwogram ankourajman taks pou patisipe nan revni miks epi nouvo konstriksyon ki 100 pousan abòdab oswa konvèsyon pwojè lokasyon pou plizyè fanmi, ak yon ankourajman pou kreye inite lojman akseswa (accessory dwelling units, ADU). Bidjè a egzije tou Konsèy Prevansyon Ensandi ak Kòd Konstriksyon Eta a etidye fason pou amande kòd la pou fasilite lòt fòm lojman pou plizyè fanmi.

Gouvènè Hochul te jwenn finansman tou pou yon fon kapital 500 milyon dola pou devlope jiska 15,000 inite lojman sou sit eta yo atravè New York. Gouvènè a te anonse inisyativ Redevlopman Sit ki pa itilize pou Lojman nan Eta 2024 li a apre li te siyen yon dekrè egzekitif ane pase a ki te egzije tout ajans eta yo egzamine pwopriyete ki sou kontwòl yo pou detèmine potansyèl lojman yo. Sit yo ap vin disponib sou yon baz endividyèl pandan eta a fè demann pou pwopozisyon pou devlope yo.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul te jwenn yon akò pou ranfòse pwogram Kominote Pro-Lojman New York la lè li pèmèt Eta a fè sètifikasyon Kominote Pro-Lojman yo vin yon kondisyon pou resevwa jiska 650 milyon dola nan finansman diskresyonè eta a. Gouvènè a te anonse Pwogram Kominote an Favè Lojman ane pase a kòm yon pati nan yon pake Aksyon Egzekitif pou ogmante rezèv lojman New York pou rekonèt ak rekonpanse minisipalite k ap travay aktivman pou debloke potansyèl lojman yo epi ankouraje lòt yo fè menm bagay la. Jounen jodi a, 179 lokalite te lanse aplikasyon pou vin Kominote an Favè Lojman epi 49 kominote te sètifye.

Bidjè Ane Fiskal 2025 ke yo Adopte a pral pran plis mezi pou ede fè apatman ki vid yo tounen sou mache lokasyon an nan ogmante limit sou amelyorasyon endividyèl nan apatman pou inite lwaye ki estabilize yo. Nouvo egzijans nan sistèm nan pral pèmèt pwopriyete yo rekipere yon pòsyon rezonab nan depans renovasyon yo sou yon peryòd 15 ane, ki pral ede kenbe rezèv la nan inite lwaye estabilize ki an sekirite, ak modènize. Bidjè a bay tou 40 milyon dola nan kapital pou ede refè apatman vid ki bezwen reparasyon andeyò Vil New York.

Ranfòse Pwoteksyon pou Lokatè ak Pwopriyete Kay yo

Gouvènè Hochul te sekirize tou pwoteksyon kont ogmantasyon pri ak degèpisman istorik pou lokatè New York yo nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 ke yo te Adopte a. Bidjè a fè ogmantasyon pri lwaye anyèl ki pi wo pase dis pousan oswa senk pousan plis Endisa Pri Konsomatè (kèlkeswa sa ki pi ba) sipoze pa rezonab pou pwoteje lokatè yo kont ogmantasyon pri yo epi ranfòse pwoteksyon legal pou lokatè ki garanti yo nan pwosedi degèpisman, kote sa aplikab. Pwoteksyon sa yo pral obligatwa nan Vil New York; minisipalite andeyò Vil New York pral gen kapasite pou patisipe nan pwogram nan. Separeman, Gouvènè Hochul te rive jwenn yon akò pou ranfòse lwa ki egziste deja pou fè klè ke okipan ilegal yo pa lokatè, epi konsa yo pa gen dwa pou jwenn pwoteksyon sa yo ak lòt lokatè yo.

Anplis de sa, Gouvènè a ranfòse pwoteksyon pou pwopriyete kay kont vòl tit pwopriyete nan kreye yon definisyon klè nan krim vòl nan lwa vòl ak nan limite kapasite envestisè predatè yo genyen enterè nan pwopriyete eritye yo epi fè presyon sou pwopriyete kay

yo pou yo vann kay fanmi yo. Pwoteksyon sa yo pral ede amelyore aplikasyonwa epi kenbe Nouyòkè yo lakay yo. Pou plis anpeche pèt, Gouvènè a te entwodui yon Transfè sou Ak Desè, ki pral pèmèt pwopriyetè kay yo sèten kay yo pral pwoteje apre yo fin pase yo, san nesese pou yo ekri yon testaman fòmèl.

Konbat Prejije ak Diskriminasyon nan Lojman

Kòm yon pati nan Bidjè Ane Fiskal 2025 ke yo Adopte a, Gouvènè Hochul ap pwopoze lejislasyon tou pou entèdi konpayi asirans yo ransnye oswa konsidere sous revni lokatè yo, egzistans inite lojman nan pri abòdab, oswa resi asistans lojman gouvènmantral nan desizyon pou bay oswa kontinye bay asirans pou pwopriyete rezidansyèl yo. Nouvo lejislasyon sa a pral ede asire founisè lojman abòdab yo gen aksè ak yon asirans a pri rezonab, ki an retou ap ede evite ogmantasyon pri lwaye lokatè yo.

Gouvènè a pral etabli tou yon nouvo inite aplikasyon ki dedye a rezoud rapid plent konsènan diskriminasyon lojman ki gen rapò ak Bon Chwa Lojman Seksyon 8 yo, k ap ede mete moun ki afekte yo ak fanmi yo nan lojman ki disponib kote yo te refize aksè san dwa yo dapre bon yo.

Investisman Kapital Adisyonèl

Anplis avanse gwo aksyon politik yo, Bidjè Ane Fiskal 2025 ke yo Adopte a gen ladan tou plis pase 600 milyon dola nan finansman kapital pou sipòte lojman nan tout eta a, ki gen ladan men pa limite a:

- 150 milyon dola pou Lojman New York pou Lavni pou sibvansyone konstriksyon koperativ lokasyon ak pwopriyetè kay koperativ ki 100% lojman abòdab.
- 140 milyon dola pou amelyorasyon kapital devlopman Otorite Lojman Vil New York.
- 80 milyon dola pou amelyorasyon kapital pou Mitchell-Lamas.
- 75 milyon dola pou amelyorasyon kapital otorite lojman piblik andeyò Vil New York.
- 50 milyon dola pou Bank Tè yo pou re-devlope pwopriyete ki te kraze oswa abandone yo.
- 40 milyon dola pou prim kapital pou amelyore inite lokasyon ki vid andeyò Vil New York.
- 40 milyon pou Lojman Entèkalè pou finanse devlopman ti kay nan tè ki pa sèvi ak sou tè ki pa itilize yo ak modèl devlopman ki egziste deja.
- 10 milyon dola pou amelyorasyon kapital lojman nan zòn riral ki sibvansyone pa pwogram USDA 515 Federal la.
- 25.5 milyon dola nan lòt pwojè asistans kapital yon sèl fwa.

Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare, "Lè nou te antre an fonksyon nan de ane pase yo, nou te gen yon misyon: pwoteje sekirite piblik la, rebati ekonomi nou an, epi fè vil sa a vin pi fasil pou Nouyòkè k ap travay di yo. Fè vil nou an vin pi fasil pou viv vle di bati plis lojman abòdab pou plis moun. Nou fyè de pwogrè administrasyon nou an te fè nan bati yon kantite kay abòdab rekò ane pase a, epi gras ak Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan Albany, kounye a nou kapab ale menm odela. Nou te gen yon mesaj

senp pou patnè nou yo nan Albany: se pou nou bati — epi yo te koute. Avèk nouvo seri pwopozisyon sa yo ki prevwa vin lwa, ki gen ladan tout priyorite lejislatif nou yo, nou ka fè sa epi kòmanse bati tèt nou soti nan kriz lojman sa a."

Prezidan Konsèy Vil New York la, Adrienne Adams, te deklare, "Nouyòkè yo ap fè fas ak yon gwo mank lojman ki mande aksyon ijan ak konplè pou asire yo gen mwayen pou yo rete lakay yo. Atravè bidjè eta adopte a, Vil New York pral pi byen pozisyon kounye a pou l konstwi kay ki pi abòdab epi konvèti bilding komèsyal yo an lojman. Nou apresye travay patnè nou yo nan gouvènman eta a ak tout pati konsène yo ki te kontribye nan avanse bidjè sa a."

Manm Asanble Alex Bores te deklare, "Nou bezwen soti nan kochma kote sèl fason pou nou gen mwayen pou yon kay nan New York se lè nou genyen yon lotri: swa lotri nesans la, yon lotri lojman, oswa Mega Milyon. Pou fè sa, nou bezwen bati. Byenke pakè lojman bidjè eta a pral benefisyè moun tout laj yo, li itil patikilyèman pou jèn moun k ap mande si Eta a (ak Vil la) pral yon kote ki abòdab pou yo etabli epi bati yon fanmi. Pake sa a angaje resous pou finansman dirèkteman ni lojman prive ak kay ki bati sou tè Eta a; li pwoteje lokatè yo kont ogmantasyon pri lwaye; li bay ankourajman pou lokalite yo fè kòd dekoupaj zòn yo plis pwo-lojman, epi li fè represyon sou fwod ak abi. Pri inaksyon nan domèn sa a te twò wo. Mwen felisite Gouvènè a, lidè lejislatif yo, ak kòlèg mwen yo dèske yo mete ansanm yon pake ki make yon gwo etap pou pi devan."

Prezidan Minisipalite Queens, Donovan Richards Jr., te deklare, "Gen yon sèl fason pou sòti nan kriz lojman abòdab vil nou an ap fè fas a — se bati. Mwen fyè dèske Queens kontinye ap dirije Vil New York nan pwodiksyon lojman abòdab, men avèk anpil fanmi k ap viv limit povrete a, li pa janm te klè ke gen plis ki dwe fèt pou ogmante estòk lojman abòdab nou an. Mwen rekonesan anpil avè Gouvènè Hochul pou angajman li pou konstwi ak prezève lojman abòdab nan Queens ak nan tout eta a. Mwen pa ka tann pou kontinye patenarya nou avèk administrasyon li a pandan n ap avanse ak ijans kounye a pou nou elaji estòk lojman nou an rapidman."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Angajman Gouvènè Hochul pou lojman pa gen parèy. Mezi revolisyonè sa yo bay solisyon ki te evite New York pandan anpil jenerasyon. Règleman yo ak plizyè santèn milyon dola nan nouvo finansman ki enkli nan bidjè sa a pral relanse pwodiksyon lojman, pwoteje kapasite lokatè yo ak pwopriyetè kay yo pou yo viv san danje epi abòdab nan kominote yo chwazi yo, epi pi byen pèmèt devlopè lojman yo ak lokalite yo atravè Eta a bay kay Nouyòkè yo bezwen dezespereman. Pandan ke nou selebre reyalizasyon sa a, nou konprann tou sa reprezante youn nan anpil etap sa yo pral pran pou abòde kriz lojman abòdab la yon fason adekwa epi nou pa ka tann patenarya kontinyèl ak Lejislati a pou jwenn solisyon alontèm."

Prezidan 32BJ SEIU Manny Pastreich te deklare, "Fè sèvis nan bilding New York yo pa ta dwe vle di sakrifye kapasite w pou w viv ladan yo paske lwaye a twò wo. Avèk bon salè pou travayè yo, zouti entelijan pou ankouraje plis rezèv lojman ak pwoteksyon solid pou lokatè yo, akò lojman sa a se yon gwo etap nan direksyon pou korije sa ki mal nan

kriz abòdabilite New York la. Apwòch mwayen nou te defann la te ede nou jwenn chemen ki mennen nan yon ekosistèm lojman ki pèmèt Nouyòkè yo atravè tout nivo revni yo viv, travay, ak elve fanmi yo kote yo ye - nan New York. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul, Lidè Majorite Sena a Stewart-Cousins, Prezidan Heastie, ak tout ofisyèl eli yo, sendika yo, ak patnè yo nan pwogrè ki te travay ansanm pou bati nouvo fondasyon sa a pou yon New York ki pi abòdab."

Carlo A. Scissura, Prezidan & Direktè Egzekitif Jeneral, Kongrè Konstriksyon New York la (New York Building Congress), te deklare, "Avèk pasaj bidjè Ane Fiskal 25 la, Gouvènè a ak Lejislati a te demontre angajman yo pou kraze baryè ki genyen nan devlopman rezidansyèl abòdab epi abòde kriz lojman New York la. Ane pase a, Vil New York pou kont li te wè pwojeksyon anyèl pou nouvo inite yo te bese de 30,000 a yon ti kras plis pase 11,000. Lè yo asiyen finansman nan pwogram Katye Abòdab pou Nouyòkè yo epi pèmèt yo retire baryè demode yo sou ADU yo ak limit 12 FAR yo, Eta a pral kapab konstwi lojman ke Nouyòkè yo kapab pèmèt yo genyen pou viv ladan yo pandan y ap kreye opòtinite travay ki byen peye pou travayè yo ki bati ak kenbe li. Nan non Kongrè Konstriksyon an, mwen fyè pou m di ke manm nou yo pare pou demare pou trase wout nou nan direksyon yon avni ki pi abòdab, ki pi ekitab, epi nou bat bravo pou Gouvènè a paske li te mennen efò sa a nan liy final la."

Direktè Egzekitif Konferans Lojman New York la, Rachel Fee, te deklare, "Bidjè sa a se yon reyalizasyon enpòtan pou abòdabilite, vivabilite ak opòtinite pou Nouyòkè yo. Nou felisite Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta a dèske yo avanse solisyon pou kriz lojman abòdab New York la lè yo adopte plizyè nouvo politik ak pwogram ki gen rapò ak resous taks, dekoupaj zòn ak bidjè ki pral ede elaji rezèv lojman nou an. Konferans Lojman New York la pral kontinye travay ansanm ak patnè nou yo nan gouvènman an pou konstwi sou travay sa a jiskaske chak Nouyòkè gen aksè ak lojman an sekirite, desan ak abòdab yo merite."

Howard Slatkin, Direktè Egzekitif, Citizens Housing & Planning Council te, "Akò bidjè eta ane sa a mete New York sou pye pou l fè pwogrè siyifikatif kont kriz rezèv ak abòdabilite lojman nou an. Se sèlman lè nou ajoute lojman pou lokasyon pou revni miks nan tout Vil New York yo ak reyon an n ap kapab abòde ensekirite ak inabòdabilite lojman an. Pwochen etap nesèsè a pral mezi Vil la pran pou adrese bezwen lojman ijan, ki gen ladan refòm dekoupaj zòn tankou Vil Pozitif pou Opòtinite Lojman (City of Yes for Housing Opportunity), ak lanse yon pwogram legalizasyon apatman sousòl. Nou apresye defans solid Gouvènè a pou solisyon ki rive nan kòz pwofon pwoblèm lojman nou yo."

Jolie Milstein, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Asosyasyon Lojman Abòdab Eta New York la (New York State Association for Affordable Housing, NYSFAH), te deklare, "Bidjè sa a ranfòse angajman Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta a te pran pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè ak yon lojman ki an sekirite, desan ak abòdab. Li kenbe nivo finansman kapital enpòtan yo epi li bay nouvo inisyativ pou premye fwa pou ogmante rezèv lojman an. Li elimine tou baryè ki genyen nan pwodiksyon lojman abòdab lè li adrese diskriminasyon nan asirans, li elimine kondisyon

limitasyon dekoupaj zòn nan Vil New York, ak ankouraje ankourajman fiskal ki nesèsè yo an echanj pou bay lokatè abòdabilite alontèm. Pa gen yon sèl solisyon pou rezoud kriz rezèv lojman nan tout eta a, men bidjè sa a efase politik entèdiksyon yo, epi li se yon etap enpòtan ke nou pa ka tann pou travay avèk Gouvènè a ak lejislasyon yo pou n bati sou li."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Community Preservation Corporation Ian, Rafael Cestero, Te deklare, "Mwen aplodi akò bidjè Eta a, ki pral ekipe Vil New York ak Eta a ak zouti ki nesèsè pou lanse yon nouvo vag devlopman lojman. Nouvo ankourajman 485-x la, anplis lòt inisyativ lojman nan kontra a, te dwe rivedeja, epi finalman li pral fè bati plis kay pou Nouyòkè yo. Menmsi gen plis travay pou nou fè, mwen ankouraje m pou m wè lidè nou yo nan Albany ap pran mezi ki nesèsè pou adrese kriz lojman istorik sa a."

Agenda Lojman Gouvènè Hochul la.

Bidjè Ane Fiskal 2025 ke yo Adopte a bati sou angajman Gouvènè Hochul pran pou l abòde kriz lojman New York la pou fè eta a vin pi abòdab ak pi vivab pou tout Nouyòkè yo. Nan kad Bidjè ane fiskal 2023 a, Gouvènè a te anonse yon Plan Lojman senkan, 25 milya dola pou kreye ak prezève 100,000 kay abòdab. Yo te bati plis pase 40,000 kay jiska dat.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)